

# Kuva Vadzidzi VeBhaibheri Hunokosha

Nhungamiro Yekukura muShoko raMwari

## Zvidzidzo 7-10

*Asi kurai munyasha neparuzivo rwaIshe  
wedu neMuponesi Jesu Kristu. Kubwinya  
ngakuve kwaari zvino nokusingaperi. Amenii.*

2 Petro 3:18

*Yakadhindwa na:*

Cornerstone Bible Ministries

Mutare, Zimbabwe

+263 781 158 599

[gospelforzim@gmail.com](mailto:gospelforzim@gmail.com)

# Chidzidzo 07: Shoko raMwari 01

## Bhaibheri rimbori bhuku rakadini?

Takakomborerwa zvikuru kuva nehutungamiri hwezvinyorwa hwakazara kubva kunaMwari pachake – Bhaibheri. Pasina Magwaro taisazoziva kuti Jesu Kristu ndiani uye kuti akazadzikisei pachinzvimbo chedu. Chidzidzo chino chakagadzirwa kutibatsira kunzwisisa kuti Bhaibheri rinombori bhuku rakamira sei uye rinoshanda basa sei paruponeso rwedu.

### I. Bhaibheri iShoko raMwari.

Bhaibheri rinochengeta mazwi chaiwo aMwari uye mashoko iwawo akachena asina chipomerwa uye anovimbika zvizere.

- A. Shoko raMwari tinoripihwa nekufemerwa naMwari (2 Timotio 3:15-17, Zvirevo 30:5-6).
- B. Mazwi eMagwaro akachengetedzwa kumarudzi ose (Mapisarema 12:6-7, 119:160, Mateo 24:35, Isaya 40:8).
- C. Mazwi eMagwaro hafanirwi kushandurwa kana kutapudzwa nemunhu upvi zvake (Dutoronomio 4:2, Zvirevo 30:5-6, Zvakazarurwa 22:18-19).
- D. Zvinyorwa zveShoko raMwari “zvakatonyanya kunaka” uye zvinovimbika kupfura kunzwa izwi rinobva kudenga (2 Petro 1:16-21).
  - Izvi zvinoreva kuti dzidziso dzose uye zvatingasangana nazvo mukurarama kwedu kwezuya nezuya zvinofanirwa kutongwa maringe neShoko raMwari risingashanduke uye risina chipomerwa - Bhaibheri
  - Bhaibheri *roga* ndiro hutungamiri hwekupedzisira muhupenyu hwemuKristu pazvinhu zvose.

## II. Bhaibheri ndiro bhuku rine hukuru kupfuura mamwe mabhuku ose akanyorwa munhorondo yepasi rose.

- A. Rakabatana. Kunyangwe zvazvo Bhaibheri riri dura remabhuku (rine 66 mabhuku) ringori bhuku rimwe chete. Rakanyorwa nevanyori vanosvika makumi mana (40) vakasiyana siyana, vachinyora munguva dzakasiyana kwemakore 2,000 asi harifi rakapokana.
- B. Rine chiporofita chisingapotse. Mumwe mucherechedzo unosimbisa kufemerwa kwaro unooonekwa mukuzadzikiswa kwehuporofita hweBhaibheri (Isaya 46:10). Kubva mukusimuka nekudonha kwemadzimambo, kusvika pakubarwa, kufa, nepakumuka kwaKristu Jesu, hakuna rimwe bhuku panyika ino rinokwanisa kutiudza zvichaitika kumberi rine chokwadi chakazara chisingapotse sezvinoita Bhaibheri.
- C. Rinotaura chokwadi pamusoro pezvaticomberedza. Bhaibheri rinotaura pamusoro “pekutenderera kwenyika” (Isaya 40:22), kuti yakamira mumhepo “isina payakabatirira” (Job 26:7). Rinotaurawo pamusoro pemhepo yepasi pemakungwa (Psalm 8:8), simba remhepo uye kutenderera nekushanduka kwemvura (Muparidzi 1:6-7), kunyangwe mirairo yekuitika kwezvinhu zvakaticomberedza (vaHeburu 1:10-12). Zvese izvi zvakanyorwa muMagwaro zviuru zvevakore kumashure zvisati zvatozozivikanwa ne “vanamuzvinafundo venguva ino”.
- D. Rinopa nhorondo risingapotsi. Bhaibheri ibhuku renhorondo tisati tatarisa zvechitendero. Pane nzvimbo dzenhorondo uye zvicherwa zve munhorondo uye zvakawanikwa kare uye zvichiri kuwanikwa munguva yanhasi zvinosimbisa chokwadi chiri muShoko raMwari.

- E. Rakavimbika. Bhaibheri harivigi kana kuvanza kukanganisa kana mhoshvo dzevanhu vakakosha varimariri. Tinodzidza kubudirira nekukundikana kwevanhu vakafanana naNoa, Abrahamu, Mosesi, Davida, naPetro. Munhu oga haazofi akanyora bhuku rinotonga rudzi rwake rwose.
- F. Hariparadziki. Hakuna bhuku rakambovengwa zvakananyanya kudaro asi richisvika kumunhu wose. Madzimambo nevatongi vakamboedza kuriparadza nevanoyori vakaedza kurishaisa simba, asi vasingabudiriri. Ndiro bhuku rinogadzirwa zvakananyanya pasi rose munhoroondo yepasi rose.

### **III. Bhaibheri imbeu yekubarwa kutsva.**

- A. Bhaibheri chimwe chikamu paboka rezvinhu zvinotibatsira pakubarwa patsva (1 Petro 1:23, Jakobo 1:18, 21).
- B. Mubhaibheri ndimo munobva kutenda kwechokwadi (vaRoma 10:17).
- C. Bhaibheri imotokari inofambisa Evangeri (1 vaKorinde 15:3-4, 1 Petro 1:24-25).

Pasina Magwaro taisazoziva kuti Jesu ndiani. Kuti munhu azoziva ruponeso anofanirwa kutanga atenda zvinotaurwa neBhaibheri pamusoro pechivi uye kuziva mwanakomana waMwari.

## Mibvunzo yechidzidzo 07

1. Maringe naMapisarema 12:6-7, ndiani anebasa rekuchengetedza Shoko raMwari dzvene?
2. Muna 2 Petro 1:18-19, Shoko raMwari rakanyorwa rinonzi “ririnani kuvimbika” kudarika chii ?
3. Doma zvinhu zvina zvinoita Bhaibheri rigova bhuku rinemasimba kupfura mabhuku ese akambonyorwa.
4. Nenzira ipi yatinoona Bhaibheri richishanda paruponeso?

# Ndima dzekuchengeta mumoyo 07

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva.

Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

*Rugwaro rose rwakafuridzirwa naMwari, runobatsira pakudzidzisa, nokuraira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama, kuti munhu waMwari akwane, agadzirirwa kwazvo mabasa ose akanaka* 2 Timotio 3:16-17

# Chidzidzo 08: Shoko raMwari, Chikamu 02

## **Basa reBhaibheri muhupenyu wangu wezuva nezuva nderei?**

Bhaibheri haringoburitse chete nzira yeruponeso, asi rinotipawo nzira, hutungamiri uye hwaro hunotarisirwa mukurarama kwedu zuva-nezuva. Hazvigoneki kurarama hupenyu hwechiKristu, nekukura paMweya tisingabatsirwi neMagwaro. Chidzidzo chino chakagadzirwa kukupa ruzivo rurinyore pamusoro peShoko raMwari uye kuti rinofanirwa kutitungamira muhupenyu hwedu hwezuva nezuva.

### **I. Shoko raMwari rinopa mutendi hutano.**

Magwaro anowanzofananidzwa nezvokudya (Jobho 3:12, Jeremia 15:16). Semanyorerwo akaitwa pazasi Bhaibheri rinopa mutendi wese zvokudya zvinomuvaka kumativi ose paMweya

- A.** Mvura (Isaya 55:10-11, vaEfeso 5:26) - Rakakosha kuchengetedza hupenyu.
- B.** Chingwa (Ruka 4:4) - Ibhuku rakanyanyakukosha kupa hutano.
- C.** Mukaka (1 Petro 2:2) - Chikafu chirinyore kudya.
- D.** Nyama (1 vaKorinde 3:1-2, vaHeburu 5:13-14) - Chikafu chakasimba.
- E.** Maepura (Zvirevo 7:2, 25:11) - Kusimbisa kubva kuzvirwere.
- F.** Huchi (Mapisarema 119:103) - Hunotapira kudya.

Funga wakagara pamutambo wakazara nezvese zvekudya zvakasiyana-siyana zvinoenzaniswa neShoko raMwari. Chifungazve wakagara pamutambo mumwechetewo iwoyo zvese izvo zviripo asi ugofa nenzara! Nzira bedzi chete Bhaibheri yaringatipa zvatinoda zvinotivaka, kunge taritora toriverenga. Hutano hwepaMweya haukwaniisi kumira zvakanaka kunze kwekunge paine Bhaibheri.

## II. Shoko raMwari rinofanirwa kushamba mutendi.

*Imi matonatswa neshoko randakareva kwamuri.* Johani 15:3

- A. Apo takanatswa muropa raKristu nekusingaperi (Zvakazarurwa 1:5), tinosvibiswa nekufamba kwedu munyika ino (Johane 13:10).
- B. Bhaibheri ndihwo hwaro hwekutenda kwakakwana (vaRoma 10:17).

Mumwe akati, “Bhaibheri richakuchengetedza kubva kuchivi, kana kuti chivi chichakubvisa kubva kuBhaibheri.” Shoko raMwari rinoshanda senzvimbo iyo matinofanirwa kushambwa nguva dzose (Johani 15:3, 17:17, Mapisarema 119:9, 11).

## III. Shoko raMwari rinogadzirira mutendi kuti agone kurwa kuhondo ichauya.

*Uye mutore...bakatwa roMweya ,rinova Shoko raMwari.*  
vaEfeso 6:17

- A. Hatizowani chekurwisa nacho hondo dzemweya kunze kwekunge tineShoko raMwari. Jesu Kristu anopindura kurwisa kwaSatani neMagwaro (Mateo 4:4,7,10).
- B. Hondo inobata mifungo yedu uye zvikonzero zvedu (vaHeburu 4:12).



#### **IV. Shoko raMwari ibhuku ratinofanirwa kuverenga nekurinzvera.**

Kuverenga nekunzvera Bhaibheri hakuna kufanana nekuverenga kana kunzvera mabhuku ekuchikoro kana mapepanhau. Bhaibheri ibhuku rezvemweya (Johani 6:63). Izvi zvinoreva kuti rinofanirwa kupatsanurwa nepamweya (1 vaKorinde 2:9-16).

- A.** Mweya Mutsvene mudzidzisi uye mutungamiri wedu pakunzvera Bhaibheri. (Johani 14:26, 16:13-15, 1 Johani 2:27). Hakuna umwe munhu kunze kwemunyori anokodzera atsanangure uye kududzira zvinyorwa zvake.
- B.** Bhaibheri ibhuku rinozvitsanangura uye kuzvidudzira. Tinoona zvarinoreva kana tikanzvera nokuenzanisa Magwaro neMagwaro (1 vaKorinde 2:13).

#### **V. Shoko raMwari rinofanirwa kushandiswa sedungamunhu.**

- A.** Chinhu chakanyanyokosha pakunzvera Bhaibheri kuterera nekuita zvinotaurwa neShoko (Johani 7:17).
- B.** Mwari havana kutipa Bhaibheri kuti tingozadza misoro yedu neruzivo (1 vaKorinde 8:1). Shoko raMwari riripo kutiita kuti tifanane naKristu (2 Timotio 3:16-17).
- C.** Kunzwisisa zvose hakuzi iko kwakapinda kukosha. Mune zvimwe zvinhu zvirimo zvaunokwanisa kunge usati wagadzirira kunzwisisa (Johani 16:12). Tsungirira, Mwari vachakuratidza zvinhu izvo kana wagadzirira. Chakanyanya kukosha kuita nekurarama zvisihoma *zvaumonzwisisa* zvacho (Jakobo 1:22-25).

# Mibvunzo yeChidzidzo 08

1. Nyora nzira mbiri Shoko raMwari rinochengeta mutendi arimutano.
2. Ndiani mudzidzisi nemutungamiri wedu patinonzvera Bhaibheri?
3. Bhaibheri rinozvitsanangura nekuzvidudzira nenzira ipi?
4. Chii chakanyanya kukosha kurangarira mukuverenga, kudzidza nekunzvera Bhaibheri?

## **Ndimba dzekuchengeta mumoyo 08**

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva.

Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

*Rugwaro rwose rwakafurudzirwa naMwari, runobatsira, pakudzidzisa nokuraira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama: Kuti munhu waMwari akwane agadziriwa kwazvo mabasa ose akanaka . 2 Timotio 3:16-17*

*Jaya ringaramba richinatsa nzira yaro neiko? Kana richichenjerera sezvinoraira shoko renyu. Mapisarema 119:9*

# Chidzidzo 09: Munyengetero

**Basa remunyengetero pakuyanana kwangu naKristu Jesu nderei?**

Nhaurirano yakakosha zvikuru kuti pave nehukama hwakasimba huneutano. Ichi ichokwadiwo kunyangwe nehukama hwedu naMwari. Iyi inofanirwa kuva nhaurirano yevanhu vaviri. Patinoverenga Bhaibheri, Mwari vanotaura nesu. Patinonamata tinotaura naMwari. Munyengetero ndiyo nhaurirano inobva kwatiri ichienda kunaMwari uye izvi zvakakosha zvikuru pachikamu chekukura kwedu paMweya. Chidzidzo chino chakanangana nekutipa kunzwisisa kuzere pamusoro penyaya iyi yekunyengetera kuti tigova nekufambidzana kwakanaka naMwari nguva dzose.

## **I. Munamato unongoita bedzi kuburukidza naIshe Jesu Kristu.**

- A.** Musiki wepasi rose iye anova Mwari wedu anoda kuva nehukama newe. Akatogadzirira kuteerera nokudavira iwewe sedungamunhu.
- B.** Izvi zvinongoitika bedzi kuburukidza nezvakazadziwa naKristu Jesu kwatiri pamuchinjikwa (vaHeburu 10:19-22).

*Naizvovvo, zvatinemuprisita mukuru kwazvo akapinda nepakati pekudenga, iye Jesu, Mwanakomana waMwari, ngatibatisise kupupura kwedu. Nekuti hatinamuprisita mukuru asinganonikutinzwira tsitsi pautera hwedu, asi wakaidzwa pazvinhu zvose sesuwo asinezvivi. Naizvovvo, ngatiswederei tisingatyi kuchigaro chohusha chenyasha kuti tinzwirwe ngoni tiwane nyasha, tibatsirwe nenguva yekafanira VaHeburu 4:14-16*

C. Izvi zvinoreva kuti tinokwanisa kuenda pachena tega pamberi paMwari kuburikidza naJesu Kristu patinonamata (1 Timotio 2:5).

- Haufanirwi kunge uri pane imwe nzvimbo yakatotarwa (sekereke) uye haufanirwe kunamata nemuturikiri (semuprisita kana mumwe mutendi kuti uzokwanisa kunamata. Unokwanisa kutaura naMwari kuburikidza naJesu Kristu uri panzvimbo ipi zvayo chero nenguva.

## II. Mhando ina dzeminyengerero

*Naizvovovo pakutanga kwezvose ndinoraira kuti vanhu vose vakumbirirwe, vanyengerwe, varevererwe, vavongerwe* 1 Timotio 2:1

- A. Kukumbirira – Izvi zvinoreva iwe kutaura naMwari uchikumbira chinhu chaicho chaunoda kuti ”vakupe”, pane zvisino kukukwanira zvaunoda (vaFiriipi 4:6, ex. 2 vaKorinde 12:7-10, Mateo 26:36-44).
- B. Munyengerero – Izvi zvinongoreva iwe kutaura naMwari. Hazvirevi kuti unenge uchingokumbira nguva dzose paunotaura naMwari. Mwari vanoda kuva nenyaya newe uye kunzwa kubva kwauri nguva dzose.
- C. Kureverera – Iyi ndiyo nguva yaunonamatira vamwe vanhu. Usangobatikira zvaunoda iwe wega. Munyengerero ibasa remutendi wese . Ona vaRoma 1:9, vaHeburu 13:18, 1 Sameri 12:23.
- D. Kuvonga – Uku ndiko kutenda Mwari nezvaari uye zvaakakuitira (Mapisarema 100:4, 1 vaTesaronika 5:18).

## III. Mwari vanoshanda muhupenyu hwedu kuburikidza nemunyengerero.

Munyengerero hakusi kushandura pfungwa dzaMwari kuti vaite zvaunoda, asi munyengetero une simba guru kushandura moyo yedu kuti tiite zvaanoda iye.

- A. Munyengetero unobvumira kubatirira panaMwari. Unobatsira kutiswededza pedyo naye kuti iye Mwari aratidze kukwanira kwake panezvose zvatingada (Mateo 6:8, Mapisarema 50:15).
- B. Munyengetero ndiyo nzira yatinokwanisa kuturira zvose zvinotiremera panaMwari (1 Petro 5:7).
- C. Munyengetero unotipa rugare rwaMwari mumoyo nemupfungwa dzedu (vaFiripi 4:6-7).

#### **IV. Mirairo yekunyengerera kwakanaka.**

- A. Namata nguva dzose (1 vaTesaronika 5:17, Ruka 18:1, vaRoma 12:12).
  - Tinofanirwa kujaira kuita hupenyu hwenhaurirano naMwari. Kudavira kwedu kose mukuedzwa kunofanirwa kunga kuri kuenda kunaMwari nemunyengerero.
  - Tinofanirwa kuzvigadzirira nguva yakafanira yatinojairira yekunyengerera (Mateo 6:6), Mwari vanokwanisa kunzwa minyengetero yedu panguva ipi zvayo zvisinei kuti tinenge tiri pai (Nehemia 2:4).
- B. Usanamata muchinangwa chekuda kuonekwa nevamwe. (Mateo 6:5).
  - Minyengetero yeparuzhinji inokwanisa kubatsira kune vamwe (1 vaKorinde 14:15-16, ex. Johani 17) asi tinofanira kurangarira kuti munyengetero kutaura naMwari.

C. Usadzokorora mazwi zvisina maturo mukunyengetera kwako (Mateo 6:7).

- Minyengetero haifanirwi kuiswa kana kuburitswa nenzira yemazwi akangogadzirwa nechitendero.
- Kunyengetera hakusi kutevedzera zvakatarwa nechitendero asi inhairano yedu naMwari .

D. Taura naMwari sematauriro awaizoita naBaba vanokuda nomwoyo wose (Mateo 6:9, vaGaratiya 4:6-7).

E. Nyengetera muzita raJesu maringe nezvido zvaMwari (Johani 14:13-14, 15:16, 16:23-24, 1 Johani 5:14).

- Izvi hazvirevi kungotaura zita ra Jesu Kristu kwekupedzisira kwemunamato. Zvinechekuita nekunyengetera nguva dzose nehunhu hwake uye kuti azviwanire mbiri nekukudzwa.
- Tinoziva kuda kwaMwari nehunhu hwaKristu kubva mushoko raMwari. Zvakadaro, tinofanirwa kunyengetera nguva dzose neshoko raMwari

F. Nzwisisa kuti kunyangwe uchitambudzika nekuburitsa mazwi mumunyengetero, Mwari vanoziva moyo wako uye Mweya Mutsvene anonamata pamwe newe uye anokunamatira (vaRoma 8:26-27, Juda 20).

## V. Zvinokwanisa kukanganisa munyengetero

Munyengetero ndechimwe chikamu chekuyanana naMwari. Nguva zhinji kana zvimwe zvikamu zvekuyanana kwedu naMwari zvisina kumira zvakana, izvi zvinokanganisa nhaurirano yedu naye. Pazasi takapihwa zvimwe zvezvinhu zvinokanganisa minamoto yedu:

- A. Kusakumbira (Jakobo 4:2).
- B. Kukumbira nemufungo wakaipa (Jakobo 4:3).
- C. Kukumbira usina kutenda (Jakobo 1:5-7).
- D. Chivi chisina kureururwa (Mapisarema 66:18, Isaya 59:2).
- E. Moyo usingaregereri (Mateo 6:14-15).
- F. Chigumbu nemudikani wako (1 Petro 3:7).
- G. Kusateerera zvinoreva Shoko raMwari (Proverbs 28:9).

## VI. Mwari vanodavira minyengetero yedu.

*Naizvovovo nezvose zvamunokumbira muchinyengtera kana muchitenda, muchapihwa..* Mateo 21:22

*Saka ndinoti kwamuri: Zvinhu zvose zvamunonyengetera nokukumbira tendai kuti mazvigamuchira mugova nazvo* Mako 11:24

*Zvino kana tichiziva kuti unotinzwapa pazvose zvatinokumbira tinoziva kuti tapiwa mikumbiro yatakakumbira kwaari.* 1 Johani 5:15

Vimbiso yose yeminyengetero iyi inofanirwa kuverengwa uye kushandiswa muchiedza chezvinotaurwa zvinodiwa uye tichichenjerera zvinokanganisa minyengetero yedu zvataurwa pamusoro. Zviripachena kubva mundima idzi kuti Mwari vanopindura minyengetero yedu. Dzimwe nguva havadavire nenguva yatinotarisira kana yatinoda. Dzimwe nguva mhinduro yake ndi “KWEETE”. Nekufamba kwenguva tinozonzwisisa sei kuti Mwari vakapindura nenzira yavakapindura nayo. Zvakangofanana nemwana anonzwisisa sei vabereki vasina kumupa zvose zvaakumbira.



## VII. Dzimwe pfungwa nemakwara anokwanisa kukubatsira

- A. Tanga zuva rako nemunyengerero. Zuva rako rose ngaritange nokutaura naMwari
- B. Teereresa nguva dzose . Kuyangwe Mwari vasingataure nezwi rinonzwikwa, tinokwanisa kuita nhaurirano navo kuburikidza neminyengerero uye kuverenga Bhaibheri kana dai taizoterera mukutungamira nzira kweMweya Mutsvene.
- C. Namata nevamwe. Chiripo chimwe chinhu chakakosha pakunyengerera makasangana nevamwe (Mateo 18:20).Kunyengerera nevamwe vatendi kunobatsira hupenyu hwako semutendi.
- D. Nyora zvaunoda kuzonamatira pakapepa. Izvi zvinokubatsira kunyengetera zvinehurongwa kana wakanyora pasi kuti urangarire zvaunoda kunyengetera pamusoro pazvo.
- E. Iva nekamwe kabhuku. Dzimwe nguva zvinobatsira kunyora minyengetero uye nemhinduro yeminyengerero. Izvi zvinobatsira kusimbisa kutenda kwedu patinoziva kuti Mwari vakateerera.

## Mibvunzo yechidzidzo 09

1. Tinokwanisa kuenda sei pamberi paMwari? Ipa magwaro
2. Nyora mhando ina dzakasiyana dzeminyengetero.
3. Nenzira ipi Mwari yavanotishandura kuburikidza neminyengetero?
4. Zvinorevei kuti kunamata muzita raJesu?
5. Doma zvinhu zvisere (7) zvinokwanisa kukanganisa minyengetero zvinowanikwa mumagwaro..
6. Mwari vanodaira minyengetero yedu nguva dzose here? Anodavira nenzira yatinoda here kana knzira yatinotarisa nguva dzose?

## **Ndimba dzekuchengeta mumoyo 09**

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva. Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

*Kana ndikachengeta chakaipa mumoyo mangu Ishe  
haangandinzwi : Mapisarema 66:18*

*Musafunganya pamusoro pechinhu chimwe; asi pazvinhu zvose,  
mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokuyengetera  
nokukumbira, pamwe chete nokuwonga . Vafiripi 4:6*

*Rambai muchinyengetera . 1 vaTesaronika 5:17*

# Chidzidzo chechipfumbamwe 10: Kereke

## Hukama hwangu nekereke hwakambomira sei?

Kereke yenharaunda iripakati pehurongwa hwaMwari munguva ino yatiri kurarama. Hurongwa hwaMwari kumutendi wese hunozadzikiswa zvakakwana kana mutendi akabatana nekereke yenharaunda, inotenda muShoko raMwari. Chinangwa chechidzidzo chino kukubatsira kunzwisisa zvizere pamusoro pedzidziso yekereke uye kukubatsira kuona kukosha kwekereke yenharaunda muhukama hwako naMwari.

### I. Chii chinombonzi “kereke” ?

Izwi rekuti “kereke” rinoreva “vanhu vakadanwa”. Hachisi chivakwa chinoonekwa (Mabasa 14:27) kana bako rechitendero. Izwi iri rinoshandiswa nenzira mbiri muTestamente itsva

**A.** Kereke yepasi rose inoumbwa nevanhu vose vakaponeswa nzvimbo dzose dzakasiyana pasi rose (vaHeburu 12:22-23).

1. Iyi ndiyo kereke yakavambwa naKristu (Mateo 16:18).
2. Kereke yepasi rose inosanganisira muviri waKristu wepaMweya (vaEfeso 1:22-23, 5:23, 27, 30, vaKorose 1:18, 24).
3. Munhu anova chikamu chemuviri uyu kuburikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene paanenge atenda pana Ishe Jesu Kristu (1 vaKorinde 12:13).

4. Kuva chikamu chekereke yenharaunda hazvikuiti chikamu chemuviri waKristu Zvinongokwanisika chete kuti munhu ave chikamu kana nhengo yekereke yenharaunda asi agofa achienda kugehena kunoraswa, kana anga asina kuponeswa.
5. Pane mifananidzo mitatu yekereke yawakapihwa muTestamente itsva :
  - a. Muviri - vaRoma 12:4-5, 1 vaKorinde 12:12-27 – Zvichidudzira muenzaniso wekubatana.
  - b. Chivakwa – EvaEfeso 2:19-22, 1 Petro 2:4-8 – Ichicherechedza hugaro.
  - c. Mwenga – 2 vaKorinde 11:2, vaEfeso 5:22-32 – Uchicherechedza muenzaniso werudo nehukama.

**B.** Kereke yenharaunda iboka revatendi vakaungana paneimwe nzvimbo munyika (vaHeburu 10:25).

1. Zvakakosha kunzwisisa chokwadi pamusoro pekereke yepasi rose. Asiwo nguva zhinji, kanopfuura kazana izwi rekuti ( kereke) mumagwaro rinoreva ungangano yenharaunda.
2. Munhu wose anova chikamu chekereke yepasi rose anotarisirwa kuva chikamu chekereke yenharaunda.
3. Zvese zvatingazodzidza pamusoro pemuviri waKristu muTestamente itsva tinozviwana mukereke yenharaunda.

## **II. Chinangwa chekereke ndechei?**

Kuna Mabasa 2:41-47 tinooneswa mufananidzo wemabatiro aiita kereke yokutanga. Kereke itori nezvinangwa nebasa rakasiyana siyana mushoko raMwari

**A.** Basa rokutanga rekereke kudzidzisa shoko raMwari (Mabasa 2:42, 4:2, 5:21, 42, 6:4, 11:26, 18:11, 20:20, 28:31).

1. Chinangwa chokutanga chekereke kunatsa vatendi uye izvi zvinoitika chete nokudzidzisa shoko raMwari kunoitwa nevarume vakapiwa zvipo zvekudzidzisa vemukereke (vaEfeso 4:11-12).
2. Dzidziso iyi “ichibva muShoko raMwari rose” (Mabasa 20:27).
3. Izvo zvinosanganisira dzidziso yechokwadi, uye kugadzirisa nekutsiura pane mhosvo (2 Timotio 3:16-17).

**B.** Chimwe chinangwa chekereke kunamatira pamwe (Mabasa 1:13-14, 2:42, 3:1, 4:23-24, 6:6, 12:5, 12, 13:1-3, 16:16, 20:36).

**C.** Chinangwa chokupedzisisira chekereke kushumira (Johani 4:20-24, vaFiripi 3:3). Izvi zvinosanganisira kubata, nekutevera nzira dzatakasiirwa dzakafanana nekubhabhatidzwa uye chidyo chashe. Kushumira kunobatanidzwa mumagwaro ose nekupa chipiriso uye chepamweya chainofanirwa kupawo.

1. Mweya (vaRoma 15:16) – kuhwina mweya yakarasika uye kutumira vaparidzi munzvimbo dzakasiynana ibasa rekereke
2. Muviri wako (vaRoma 12:1-2)
3. Mari (vaFiripi 4:15-18, 1 Vakorinde 16:1-2)
4. Kurumbidza nekutenda (vaHeburu 13:15, Mabasa 2:47)
5. Kuita zvakanaka (vaHebuuru 13:16, 10:24-25)

### III. Ko ini semutendi ndinokwana papi mukereke?

A. Mutendi wose **anacho** chikamu chekuita mumuviri waKristu (1 vaKorinde 12:14-27).

1. Nhengo imwe neimwe ine basa rayo rakatosiyana nemamwe (v. 14-20).
2. Hakuna nhengo ingashanda yoga (v. 21).
3. Nhengo imwe neimwe inaro basa rakakosha (v. 22-24).
4. Muviri unoshanda zvakanaka unoshanda pamwechete (v. 25-27).
5. Murairo wemuviri unonyatsa kuratidzwa mukereke yenharaunda. Chinhu chimwe chete chinokwanisa kuitwa nomunhu wese kuvimbika pakusangana nevamwe (vaHeburu 10:25).

B. Kura muhukama kuna Mwari, dzidza zvine simba nechipo chako uye iva uripo pachikamu chako paunodiwa zvakanyanya nehutungamiriri.

### IV. Ko kana ndisina kereke kana kuti ndikachinja nzvimbo kwekugara?

Kuva uri mukereke yenharaunda chinhu chakakosha. Kutsvaga kereke inotenda muBhaibheri kuti uve wechikamu chinhu chinofanirwa kuiswa pekutanga. Pfungwa dzinotevera dzinokwanisa kukubatsira kutsvaga kereke yenharaunda yemazvirokwazvo :

A. Kumbira Mwari huchenjeri nekungamirirwa (Jakobo 1:5).

- B.** Tsvaga kuona kuti vanobatikira kuparidza here uye kuendera mweya yakarasika (Mateo 28:19-20, Mako 16:15).
- C.** Iva nechokwadi kuti vatungamiri vanotenda Shoko raMwari uye vanokurudzira vanhu kuti vaverenge nekunzvera pachavo (Tito 1:9, 2 Timotio 2:15).
- D.** Tarira kutsvaga kereke inobatikira vanhu vayo.
- E.** Tarira uye kutsvaga kereke yakabatana ine vaparidzi vanoendera vanhu nyika dzose.



# Mibvunzo yechidzidzo 10

1. Izwi rekuti “kereke’ rinorevei ?
2. Ndeipi mifananidzo inoshandiswa kufananidza kereke uye chokwadi chatinodzidza pamifananidzo iyoyo?
3. Muchidimbu tsanangura musiyano uripo pakati pekereke yepasi rose nekereke yenharaunda.
4. Doma zvinangwa zvitatu zvekereke yenharaunda zvaburitswa muchidzidzo.
5. Kereke yeTestamente itsva inoshumira Mwari sei?
6. Doma zvidzidzo zvitatu zvatinokwanisa kudzidza kubva kuna 1 vaKorinde 12 panofananidzwa kereke nemuviri.

## Ndimba dzekuchengeta mumoyo 10

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva.

Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

*Tisarega kuungana, kwedu sezvinoita vamwe asi tirairane zvikuru sezvamunoona kuti zuva roswedera.* vaHeburu 10:25

*Zvino wakapa vamwe kuti vave vaApostora, vamwe vaporofita, vamwe vavhengeri, vamwe vafudzi, navadzidzisi kuti vatsvene vakwanisirwe basa ravo rokushumira, nerokuwaka muviri waKristu:* VaEfeso 4:11-12